

Yon Kilti nan yon Lòt Kilti

Genre: Tèks Ekspositwa (Expository Text)

Kesyon Essansyèl: Kòman moun ki sòti Kiba, Ayiti ak Mwayen Oryan kontribye nan kominote y ap viv la.



Drapo Etazini

Ou ka konte zetwal yo ki nan drapo Etazini an. Li genyen 50—youn pou chak eta. Ou ka konte vil ki nan chak eta yo. Chif la GWO anpil. Genyen plis pase 19.000 vil nan peyi Etazini. Chak vil gen moun ki sòti nan diferan peyi epi ki genyen diferan kilti.

Miami, Florid

Anpil moun nan Miyami sòti nan lòt peyi. Gen anpil moun ki sòti Kiba ak Ayiti. Se de peyi nan Karayib la. Nan **kominote** kiben ak Ayisyen ou ka were anpil siy Kiba ak Ayiti. W ap wè restoran epi w ap pran sant bon jan manje. W ap tande anpil bèl mizik tou. Dans ak mizik enpòtan anpil nan kilti Kiben ak Ayisyen. Genyen gwoup dans ki travay di anpil pou montre moun kilti Kiben ak Ayisyen.

Kiben yo montre moun danse salsa ak merengue. Ayisyen yo montre moun danse mizik konpa epi tou bolero; yo montre dans kongo ak Imbo tou.



Yon Kiben k ap danse Salsa ak twa Ayisyen k ap danse kongo.

Nan zòn kote Kiben yo abite yo rele l Little Havanna ki vle di ti Avàn, kapital peyi Kiba. Nan zòn kote Ayisyen yo abite yo rele l Little Haiti sa vle di ti Ayiti. Nan Miyami, Florid

w ap tandè anpil moun ap pale
Espayòl ak Kreyòl.

Kiben ak Ayisyen selebre fè nasyonal
peyi yo menm jan ak lè yo te nan peyi
yo. Genyen gwo selebrasyon pou 5
me pou Kiben yo. Ayisyen yo menm
fè gwo selebrasyon pou 18 me kise fèt
drapo peyi yo. Genyen anpil lòt
moun ki sòti lòt kote k ap viv nan vil
sa a, men se de gwoup sa yo ki pi laj.
Gwoup sa yo **kontribye** anpil nan
kominote yo.

Detroit, Michigan

Gen anpil Moun ki sòti nan Mwayen
Oryan k ap viv nan Detroit. Moun sa
yo kontribye anpil nan diferan fason.
Yo kontribye anpil nan manje; sa
enpòtan anpil. Genyen twa frè ki te
sòti Lebanon, yo louvri yon boulanje
pou yo te kapab pataje kilti yo ak
kominote a. Chak jou yo prepare pen;
yo fè gato myèl epitou tat zepina.



Pen moun Mwayen Oryan yo

Boulanje a vin tounen yon lye pou
youn rankontre lòt. Moun sòti
toupatou nan Detroit pou vin achte,
amize yo ak bon jan manje lakay yo
epi fè zanmi tou.

Konvèsasyon kolaboratif

Gade Ankò:

Lè w gade drapo Etazini an, gade 50
etwal yo. Panse sou diferan kilti ki
genyen nan chak eta yo ak tout bèl
tradisyon lòt peyi yo.